

**(1) Sezvo zvitema zvedu zvichitiparadzanisa naMwari, Iye anoda kuti tiite sei nazvo?**

***Zvirevo 28:13***

Mwari haatsvagi kuti tiite chimwe chinhu chinotirwadza kuti tiregererwe zvivi zvedu. Hazvitsvaki kufamba rwendo rwakareba runonetesa kana kuti tizvirwadzise zvinotyisa. Zvinodikanwa pakugamuchira tsitsi dzaMwari zviri nyore, zvinotarisirwa kumunhu wese uye zvinonzwisika. Kana tikabvuma zvivi zvedu, uye nekubatsira kwake tikazvifuratira tichizvisiya tinogamuchira nyasha.

**(2) Ko zvivi zvedu tozvireurura kuna ani?**

***Mika 7:18, 19; Jakobo 5:16***

***Mapisarema 32:5***

Tangai nekukumbirana ruregerero umwe kune umwe (pachenyu). Kana wakatadzira shamwari kana muvakidzani, unofanira kubvuma kuti wakakanganisa uye zvinotarisirwa kwaari kuti akuregerere. Munhu wawatadzira ndewaMwari uye kana wamurwadzisa watotadziravo neUyo akamusika uye akauya kuzomuponesa. Danho rinoteera nderekukumbira ruregerero kubva kuna Mwari kuburikidza nekureurura. Kana taita izvi nyaya iyi inobva yaunzwa pamberi peMunyai (dombo /sadombo) wechokwadi, Muprista wedu Mukuru, uyo “akaidzwa muzvinhu zvose sesu, asine zvivi” uye anobatwa nekunzwira vutera bwedu,” uye achigona kutinatsa kubva kuchivi chose. VaHeberu 4:15.

**(3) Mwoyo yedu nemweya yedu inofanira kuva yakadii kuti tiwane runyararo rwechokwadi?**

***Mapisarema 34:18***

Kana usati wambouya pamberi paMwari nemwoyo wakazvininipisa uye ne Mweya wakapwanyika ukareurura zvivi zvako, hausati watora danho rekutanga mukugamuchira runyararo urwo Mwari akatambanudzira kwauri. Kana usati wabvuma kutadza kwako, kuvenga zvawakaita, uye kunzwa urombo pamusoro pekuzviita uye usina kureurura zvivi zvako nekuzvininipisa kunobva pasi pemwoyo, hausati wanyatsotsvaga kumbiro yekuregererwa



kwezvivi zvako. Kana usati wanyatsotsvaka kuregererwa, hausati wamboravira runyararo (kugadzikana / rugare) urwo bedzi runowanikwa kubva kuna Mwari. Une zvivi here zvakare zvisina kuregererwa? Chikonzero bedzi ndechekuti hausati waita sarudzo yekuzvininipisa mumwoyo mako kuti utevere nzira iyo inezvimiso zvinopihwa neShoko raMwari.

**(4) Tinofanira kureurura nekududza zvakadii?**

***Revitiko 5:5***

Bhaibheri rinotaura pachena zvinofanira kuti zviitwe munyaya iyi. Kureurura chitema paruzhinji kana uri wega kunofanira kuitwa zvichibva pasi pemwoyo uye zvichiitwa nokuda kwako iwe wakasununguka. Hakufaniri kumanikidzirwa kubva kumunhu atadza. Kureurura hakufaniri kuitwa pasina kunyatsofungisisa uye kunge dambe kana kumanikidzirwa kune avo vasingazivi kana vasinganzwisisi huipi hwechitema. Kureurura kunodururwa kuchibva pasi pasi pemwoyo kunogamuchirwa pamberi paMwari anosiririswa zvakananyanya.

Kureurura kwechokwadi nguva dzose kubvuma chaizvo chaizvo zvawakanyatsotadza. Chinogona kunge chiri chitema chinofanira kureururwa pamberi paMwari bedzi. Kozouyawo zvimwe zvatinoanira kungoreurura kune avo vatinenge takarwadzisa nekutadzira. Dzimwe nguva kunogona kuva nechitema chatakatadzira boka revanhu. Ichi chinofanira kureururwawo paruzhinji. Asi kureurura kwose kunofanira kuva kwakananga uye kusina kurebesa. Tinofanira kubvuma chitema chaicho chatakatadza.

**(5) Vana vaIsraeri vakareurura zvitema chaizvo zvipi?**

***1 Samueri 12:19***

Mazuva aSamueri vaIsraeri vakatsauka kubva kuna Jehovha. Vakanga vachitambudzika pamusana pechitema chavo. Vakanga varasa kutenda kwavo muna Mwari, varasa kugona kunzwisisa kwavo simba raKe uye huchenjeri hwematongerero aaiita rudzi rwavo. Havana kufunga kuti aigona kuvachengetedza nekuvarwira pane izvo aida kuti vaite. Ivo vakatsauka vakafuratira Mutongi mukuru wedenga ne pasi vakakumbira kuti vatongwe sezvakanga zvakaita marudzi akanga akavatenderedza. Havana kuwana runyararo kusvikira vabvuma kutadza kwavo, “Takawedzera pazvivi zvedu zvose chinhu ichi chakaipa, kuti takazvikumbirira mambo.” Chitema chaicho chavaigutsikana kuti vakakanganisa chaifanira kureururwa.

**(6) Kureurura kunosanganisira chii?**

***Isaya 1:16***

Kureurura kwedu hakungagamuchirwi pamberi paMwari kunze kwekunge tanzwa urombo uye tafuratira chakaipa chacho. Tinofanira kusarudza kushanduka uye kubvisa zvose zvingatsamwisa Mwari kubva muupenyu hwedu. Izvi ndizvo zvinoitika kana munhu anyatsonzwa urombo pamusoro pekutadza. Rutivi rwezvatinofanira kuita runoiswa pachena muIsaya 1:16 na 2 Vakorinte 7:11.

**(7) Kana zvichigoneka,chii chatinofanira kuitira avo vatakatadzira?**

***Ezekieri 33:15***

**(8) Adama na Eva vakapomera ani pakuita kwavo zvakaita kuti kureurura kwavo kusabvumika pamberi paMwari?**

***Genesi 3:12***

***Genesi 3:13***

Kana chitema chauraya kunzwisisa kwezvakarurama, munhu anenge achiita zvakaipa haaoni kukanganisa kwechimiro chake uye haanzwisisi hudzamu hwehuipi hwezvaanenge atadza. Kusvikira azvipira kusimba rinotsiura reMweya Mutsvene, anoramba aine kakupofumara pamusoro pechitema chake. Kureurura kwake hakusi kwechokwadi uye hakubvi pasi pemoyo. Nguva dzose dzaanobvuma kuti akanganisa anoti aneurombo asi anowedzera chikonzero chaanoti chamuitisa izvozvo. Anoti iye dai panga pasina zvimwe zvikonzero angadai asina kuita zvinhu izvozvo zvazomuita kuti atadze.

Mushure mekunge Adama naEva vadya muchero wavakarambidzwa, vakazadzwa nekunyara nekutya. Pfungwa dzavo dzekutanga dzaive dzekutsvaga chikonzero kuti vanzvenge rutongo rwaityisa rwerufu. Apo Ishe akavabvunza pamusoro pechitena chavo, Adama akapindura achipomera imwe mhosva kuna Mwari imwe kuna Eva. Mukadzi akapomerawo nyoka. “Ko Makasikireiko nyoka ? Makairegerei ichiuya mubindu reEdeni?” Iyi ndiyo mimwe mibvunzo yakahwanda mukupindura kwaEva achiedza kuzviita munhu asina mhosva pakutadza kwake, nemibvunzo iyi aipomera Mwari mhosva achiti Mwari ndiYe akavakonzero kuputsika. Uyu mweya wekuzvinatsa (kuzvidzivirira / wekuzviita munhu asina mhosva) wakatangwa nababa venhema uye uchiri kungobuda mumunhu wese ari mwanakomana kana mwanasikana waAdama. Kureurura kwakadai hakuunzwi kwatiri naMweya Mutsvene uye hakugamuchiriki pamberi paMwari.

**(9) Ko muteresi akazviona sei?**

***Ruka 18:13***

Kutendeuka kwechokwadi kunotungamirira munhu kuti atakure kutadza kwake kwechitema chake nekuchibvuma asingaedzeseri kunge asina mhosva nekuedza kunyengedza. Kufanana nemuteresi, haakwanisi kusimudza meso ake kudenga kuti acheme, “Mwari ndinzwirei tsitsi ini mutadzi.” Avo vanobvuma kuti vanemhosva vanonatswa, nokuti Jesu anoreverera neropa rake uyo anonzwa urombo pamusoro pekutadza kwake.

**(10) Izwi rudzii rinoshandiswa naPauro kunongedzera kunzwa urombo kwechokwadi pamusoro pechitema?**

***Mabasa 26:10, 11***

Mumienzaniso yatinowana muShoko raMwari munhu achiratidza hurombo nekunyara pamusoro pechitema, mweya wekubvuma zvakatadzwa waiva pachena. Havana kutsvaga zvikonzero pamusoro pezvitema zvavo. Umwe muenzaniso uri pachena ndiPauro. Haana kumboedza kurerutsa kana kuramba kutadza kwake paakatsanangura chitema chake mukuzara kwacho. Haana kuzengurira kutaura kuti, “Kristu Jesu wakauya panyika kuzoponesa vatadzi; avo, ini ndiri mukuru wavo.” 1 Timotio 1:15.

**(11) Ivimbisoi inoshamisa inogona kuve yedu kana tiine urombo zvechokwadi pamusoro pezvivi zvedu?**

***1 Johane 1:9***

Vakazvinipisa uye vane mwoyo yakapwanyika vakazadzwa nekuremerwa uye neurombo pamusoro pezvivi, vanokoshesa rudo rwaMwari uye mutengo wavakatengwa nawo paKarivhari. Semwanakomana anobvuma kudarika kwake pamberi pababa, ndizvo zvinoita avo vose vanonyatsonzwa urombo nokuunza zvivi zvavo zvose pamberi paMwari.

*Ndinoona kuparadza kwechivi munyika ino. Zvikuru kuru zvakaitwa nechitema kuparadzani swa kwangu naMwari.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati Ndasarudza**

*Ndavakunzwisisa kuti, kuti ndive nekugadzikana mumwoyo mangu uko kwandinoshuva ndinofanira kureurura chitema changu chandinoziva kuna Mwari uye kune wandakatadzira.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati Ndasarudza**

*Ndinorumbidza Jesu nekuisa kutendeuka mumwoyo mangu. Isarudzo yangu kutevera kutungamira kwaKe uye kureurura nekusiya zvitema zvangu. Ndinokumbira ropa raKe rinokosha kuti rifukidze zvitadzo zvangu zvizhinj zvandakaita ndichimutadzira nezvandakatadzira avo vaakasika.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati Ndasarudza**

*Munamato wangu ndewekuti dai mwoyo wangu wagara uchigamuchira kutendeuka kwandinopihwa naMwari kuitira kuti ndigofamba munzira dzokururama nokuda kwezita raKe.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati Ndasarudza**

*Ndinotenda Mwari nekukurira kwese muupenyu hwangu uye ndinotenda kuti akandivimbisa kuti kana ndikaMutadzira ndinogona kuregererwa.*

**Tenderedza: Hongu Kwete Handisati Ndasarudza**

# Matsiko Kuna Kristu



Kubvuma Kutadza Kwedu